



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LARI KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL SOULIYE ENVESTISMAN 6.7 MILYON DOLA NAN TEKNOLOJI APLIKASYON LWA NAN NOUYÒK SANTRAL

Krim nan Syracuse desann prèske 28 pousan depi nan kòmansman ane a

127 milyon dola nan finansman pou pèmèt depatman lapolis lokal yo ak biwo cherif yo atravè eta a modènize operasyon yo, amelyore sekirite ofisye yo epi pwoteje Nouyòkè yo

Lapolis Syracuse investi 1.3 milyon dola nan chen wobo ak dwòn ak ekleraj LED pou zòn kriminalite cho yo

Investisman nan sekirite piblik ap bay rezilta ak yon bès enpòtan nan vyolans ak zam nan tout Nouyòk Santral

Gouvènè Kathy Hochul te vizite Bilding Sekirite Piblik Syracuse (Syracuse Public Safety Building) la jodi a pou mete aksan sou plis pase 6.7 milyon dola nan investisman eta k ap modènize teknoloji ak ekipman lapolis nan tout Nouyòk Santral. Gouvènè Hochul ak otorite lokal yo te mete aksan tou sou krim nan Syracuse ki te bese prèske 28 pousan depi nan kòmansman ane a, dapre otorite minisipal Syracuse yo. Vizit la te gen ladan l yon reyinyon enfòmasyon ak ofisyèl eli yo, lapolis ak lidè sekirite piblik ki soti toupatou nan rejyon an, epi apre sa, yon demonstrasyon teknoloji ki prezante teknoloji dènye kri. Distribye bay 378 depatman lapolis ak biwo cherif nan tout eta a, 127 milyon dola a ap bay rezilta grasa amelyorasyon sekirite ofisye yo, pwoteksyon Nouyòkè yo, epi ranfòsman operasyon yo.

"Pwoteje Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen. Se poutèt sa mwen finance investisman nan teknoloji ak ekipman ki nesèsè pou fè fas ak menas 21è syèk la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman sa yo ap montre rezilta reyèl epi y ap fè kominote yo pi an sekirite toupatou nan eta a. Mwen rete angaje m pou m sipòte depatman lapolis lokal yo, biwo cherif yo ak patnè lapolis yo pou pwoteje Nouyòkè yo."

Depatman Lapolis Syracuse (Syracuse Police Department) la te resevwa prèske 1.3 milyon dola, sa ki pèmèt ajans lan achte ekleraj LED pou zòn kriminalite cho yo, dwòn, ak chen wobo pou ede nan sitiyasyon ki potansyèlman danjere san yo pa mete ofisye yo an danje. Gen lòt ajans nan Nouyòk Santral ki te resevwa sibvansyon enpòtan

tankou Jesyon Ijans Konte Oswego (Oswego County Emergency Management), ki te itilize 650,000 dola pou investi nan nouvo ekipman, tankou [pwòp chen wobo li a](#), ak Depatman Lapolis Cortland (Cortland Police Department), ki te resevwa plis pase 575,000 dola. Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta a bay finansman pou yon total 33 ajans nan tout Nouyòk Santral pou ranfòse operasyon yo, elaji kapasite investigasyon yo epi modènize ekipman yo. Yon lis konplè sou finansman nan tout eta a pa ajans [disponib sou entènèt](#).

Gouvènè a te mete aksan tou sou dènye estatistik 28 departman lapolis ki patisipe nan inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) eta a, ki sipòte efò kowòdone pou rediksyon vyolans ak zam nan 21 konte. Konte Onondaga ak Vil Syracuse se pami jiridiksyon GIVE ki te konstate yon bès siyifikatif nan vyolans ak zam ane sa a. Lè nou konpare janvyè jiska out 2025 ak menm peryòd ane pase a, ensidan fiziyad ki te gen blese ak kantite viktim tire yo te bese 15 pousan nan Syracuse.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la, Rossana Rosado, te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pou investi nan zouti dènye kri ap ede ajans yo atravè Nouyòk Santral reponn yon fason ki pi efikas epi kenbe kominote yo an sekirite. Resous sa yo pa sèlman amelyore sekirite ofisye yo, men tou ranfòse patenarya ki esansyèl pou diminye krim ak pwoteje Nouyòkè yo."

Senatè Eta a, Chris Ryan, te deklare, "Pou nou kenbe katye nou yo an sekirite, sa mande alafwa patenarya kominotè solid ak zouti lapolis bezwen pou fè travay yo yon fason efikas. Investisman sa a asire ke departman lapolis atravè Nouyòk Santral, ki gen ladan Jesyon Ijans Konte Oswego, ka deplwaye teknoloji modèn ki pwoteje ofisye yo, anpeche krim, epi konstwi lari ki pi an sekirite pou fanmi nou yo. Mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul paske li te priyorize sekirite piblik la epi li te rann resous sa yo disponib pou nou ka kontinye diminye vyolans ak zam epi ranfòse konfyans ant lapolis ak kominote y ap sèvi yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Fòs lòd gen yon misyon ki pa janm fini pou konbat krim. Lè yo itilize avansman teknolojik yo, fòs lòd la kapab kontinye pwoteje katye ak kominote nou yo, tout pandan y ap ogmante sekirite ak efikasite ofisye yo."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Sekirite piblik mande alafwa inovasyon ak kolaborasyon, epi investisman sa yo bay rezilta sou tou de fwon yo. Lè Nouyòk bay fòs lòd yo zouti modèn epi sipòte pwogram kominotè yo, li diminye vyolans, li pwoteje ofisye yo, epi li bati kominote ki pi solid ak pi an sekirite nan tout Nouyòk Santral.

Majistra Vil Syracuse Ian Ben Walsh te deklare, "Krim nan bese prèske 28 pousan ane sa a nan Vil Syracuse, epi patenarya a avèk Gouvènè Hochul ak Eta Nouyòk ap fè yon diferans pozitif nan vil nou an. Chak fwa Syracuse te bezwen èd pou adrese tandans krim oswa pou investi nan mezi sekirite prevantif, Gouvènè Hochul ak ekip li a te la pou ede. Syracuse pi an sekirite, men gen anpil travay ki rete pou fèt toujou. Mwen

gen konfyans nan lidèchip Gouvènè a, Nouyòk ap kontinye rete yon patnè solid ak efikas pou Syracuse."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Asire sekirite kominote nou an se youn nan responsablite ki pi enpòtan nou genyen antanke ofisyèl eli. Depi premye jou a, administrasyon mwen an te travay san pran souf pou sipòte epi investi nan inisyativ sekirite piblik enpòtan pou ede rann kominote nou an pi an sekirite posib. Sepandan, pou yon sekirite piblik ki vrèman efikas, li bezwen patenarya nan tout nivo e anons jodi a montre patenarya sa yo. Mwen vle remèsye tout moun ki te fè jounen jodi a posib e mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk tout patnè sekirite piblik nou yo pou amelyorasyon kominote nou an."

Pwokirè Distri Konte Onondaga a, William J. Fitzpatrick, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman san fay li pou sipòte fòs lòd yo epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Kit se dènye sipò san fay li pou refòm Dekouvèt la oswa investisman finansye li nan nouvo teknoloji pou ede swiv kriminel vyolan yo, li se yon vrè lidè pou sekirite piblik."

Chèf cherif konte Onondaga a, Toby Shelley, te deklare, "Krim ap vin pi sofistike tout tan e kriminel ki komèt krim sa yo pa gen fwontyè, sa ki fè efò konbat krim yo pi chè epi kolaborasyon ant fòs lòd yo pi enpòtan. Gouvènè Hochul rekonèt defi sa yo epi li te fè epi li kontinye fè investisman nesèsè yo, kit se teknoloji oswa pwogram pou kenbe moun an sekirite. Rezilta yo se prèv evidan."

Gouvènè Hochul te note wòl enpòtan Sant Analiz kont Krim nan Nouyòk Santral la (Central New York Crime Analysis Center) nan sipòte fòs lòd yo nan tout rejyon an. Sant lan, ki sitiye nan menm Blding Sekirite Piblik Syracuse la avèk Depatman Lapolis Syracuse la, sèvi konte Cayuga, Madison, Onondaga, ak Oswego. Jiska mwa out la, li te jere 10,217 demann sèvis ane sa a, ki gen ladan 6,421 ki soti nan Depatman Lapolis Syracuse la. An 2024, [11 sant ki fòme Rezo Sant Analiz kont Krim eta a](#) te jere prèske 131,000 demann, epi Sant Nouyòk Santral la te responsab 22,920.

Investisman teknoloji sa yo apiye sou lòt efò eta sipòte nan Syracuse, tankou [2.28 milyon dola pou Pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la \(SNUG Street Outreach Program\)](#) ak [2 milyon dola pou Project RISE](#), ki bay jèn ki riske sibi vyolans ak zam konsèy entansif, fòmasyon pwofesyonèl ak lòt sipò pou ede yo reyisi epi evite enplikasyon yo nan sistèm jistis la. Otòn pase a, Gouvènè Hochul te anonse tou 2.5 milyon dola anplis atravè DCJS, ki gen ladan 1.5 milyon dola pou lanse yon nouvo pwogram Syracuse ki konekte jèn ki enplike nan lajistis ak kou, mantora, ak estaj, epi 1 milyon dola pou elaji sèvis divèsyon pou jèn nan Depatman Pwobasyon Konte Onondaga a. Finansman sa a vini pandan rejyon Nouyòk Santral la ap fè fas ak prèske 400,000 dola nan rediksyon finansman pou preparasyon ijans sekirite piblik nan men gouvènman federal la.

Bidjè yo adopte pou ane fiskal 2026 la te mentni [347 milyon dola nan finansman san parèy](#) ke Gouvènè Hochul te garanti pou pwogram prevansyon vyolans ak zam, tankou

GIVE, epi li sipòte lòt inisyativ pou amelyore sekirite piblik, ogmante sipò pou viktim ak sivivan krim epi ranfòse kominote yo.

[Divizyon Sèvis Jistis Penal la](#) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis penal eta a, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman: fòm fòs de lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon fòs de lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès ke fòs de lòd lokal yo itilize pou fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; epi kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#), [LinkedIn](#) ak [X \(anvan li te rele Twitter\)](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)